



ESTANDA POU PWOGRAM ANSÈYMAN FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.)

Gid pou Paran ki Genyen Pitit yo nan Klas Kendègatenn

PREPARE TIMOUN FLORID POU FÈ SIKSÈ ALAVNI

Estanda B.E.S.T. pou Anglè (ELA) se estanda literalman pou elèv Florid ki pral fòme e fè eta Florid la vin eta ki pi alfabetize nan nasyon an. Estanda B.E.S.T. kreye mwayen pou elèv Florid yo resevwa yon edikasyon deklas nan mond nan e prepare yo pou fè siksè alavni.

Lidè edikasyon nan eta Florid la amelyore estanda kontni akademik, kreye nouvo atant pou sa elèv bezwen konnen e sa yo kapab fè. Referans sa yo se objektif ke yo espere pou elèv acheve alafen ane eskolè a. Yo dezinye estanda B.E.S.T. la pou asire ke TOUT elèv atenn pi gwo nivo potansyèl yo kapab rive.

ESTANDA SA YO METE ANFAZ SOU:

- Enstriksyon fonik sistematik e eksplisit
- Konpetans panse kritik
- Yon respè pwofon pou literati nan istorik
- Konesans pou konstwi tèks ki gen anpil

Prepare pitit ou a pou fè siksè nan kòmansman Kendègaten e kontinye toutotan li ap avanse nan chak klas. Gid sa a pral sipòte paran e fanmi ki genyen pitit nan klas kendègatenn pou ede yo:

APRANN

Sou Estanda B.E.S.T. e poukisa yo enpòtan pou pitit ou

PALE

Avèk pwofesè pitit ou sou kisa yo pral aprann nan klas.

LOKALIZE

Aktivite e resous pou sipòte enstriksyon pitit ou lakay nan fason pratik.

KONPRANN

Mo edikatif enpòtan (akademik) ou pral wè nan nivo klas li.

APRANN SOU ESTANDA KLAS KENDÈGATENN

PITIT OU PRAL EKSPLORE MOND LAN ATRAVÈ TÈKS PA MWAYEN:

- Idantifye kouvèti devan, dèyè e paj tit yon liv.
- Ale anlè anba e agoch adwat nan paj ekri lè ou ap li; answit retounen nan kòmansman lòt liy la.
- Idantifye tout lèt majiskil e miniskil nan alfabèt la.
- Idantifye son kòmansman, milye e final nan mo.
- Demontre konesans sou pi fò son frekan pou chak konsòn e senk vwayèl majè yo.
- Li mo pou nivo gendègatenn ki pi frekan e li yo avèk otomatis.
- Ekri anpil lèt kòrèkteman.
- Idantifye e pwodui mo rime.

NAN LEKTI E EKRITI, PITIT OU PRAL KAPAB POU LI:

- Dekri karaktè, anviwònman e evènman nan yon istwa.
- Eksplike wòl otè a e ilistratè nan on istwa.
- Itilize tit, antèt e ilistrasyon pou predi e konfime sijè tèks la.
- Idantifye sijè e detay miltip nan yon tèks.
- Idantifye e eksplike mo nan yon tèks.
- Rakonte yon tèks awotwa.
- Itilize desen, mo pale epi/oswa ekri pou eksprime yon opinyon, bay fè sou yon sijè oswa rakonte yon istwa.



LOKALIZE AKTIVITE E RESOUS

AKTIVITE ÒDINÈ POU SIPÒTE ENSTRIKSYON:

- ✓ itilize vwayaj nan episri, pale pandan w ap manje dine e pandan w ap kondui machin nan pou endwodui nouvo mo e pale sou mond nou ap viv la avèk pitit ou.
- ✓ Konstwi konpetans e ede pitit ou aprann nouvo mo kote yo pral rakonte yon istwa e answit fè yo re-di ou istwa a.
- ✓ Chante mo rime, li liv ki gen mo rime e pale avèk lang ou vire avèk pitit ou pou ede yo aprann nouvo son yon mo.
- ✓ Ede pitit ou aprann non lèt e son lèt la fè kote yo kapab chanje li nan yon jwèt (pa egzanzp, "M ap panse de yon lèt e li fè yon son 'sssss.")
- ✓ Pa kite liv ouvri, prepare li, e rann li disponn pou lè l nan kuizin, machin, e lòt lokasyon kote pitit ou pase tan.
- ✓ Li awotvwa pou pitit ou pou 20 minti chak jou. Pale sou kisa ou li pou ede pitit ou konprann kisa li.
- ✓ Chwazi liv pitit ou pi enterese li. Pale avèk pwofesè pitit ou a oswa yon bibliyotèk lokal pou jwenn pi bon liv pou pitit ou. Ale nan bibliyotèk lokal ou pou liv, evènman, e pwogram lekti.
- ✓ Fè pitit ou angaje nan lekti nan mond reyèl la. Yo kapab ekri lis pwovizyon an, ekri yon lèt pou yon manb fanmi oswa ekri lis menaj yo genyen pou fè lakay la. Fè pitit ou a repete mo e ekri lèt yo kapab tandè.
- ✓ Fè pitit ou aprann li lojisye lèkti nan telefòn ou oswa tablèt pou pratike lekti lakay oswa lè li nan vwayaj.
- ✓ Kreye yon plan pou mentni lekti pandan rekreyasyon lè li nan lekòl e pandan vakans dete pou ede yo anpeche pitit ou pa vin anreta lekòl.

LIS LIV YO SIJERE POU KLAS KENDÈGATENN



At the Seaside pa Robert Louis Stevenson
Curious George pa H.A.Rey
Red is Best pa Kathy Stinson
The Very First Americans pa Cara Ashrose
The Clock - a Mother Goose Poem pa Unknown
Hop on Pop pa Dr. Seuss
Rumble in the Jungle pa Giles Andreae
Two Ways to Count to Ten: A Liberian Folktale pa Ruby Dee
A Mother for Choco pa Keiko Kasza
I am Jackie Robinson pa Brad Meltzer
Swimmy pa Leo Lionni
Wandering Whale Sharks pa Susumu Shingu
Brown Bear, Brown Bear pa Bill Martin Jr.
Mission to Space pa John Herrington
The Bald Eagle pa Norman Pearl
We Have a Little Garden pa Beatrix Potter
Chicka Chicka Boom Boom pa Bill Martin, Jr. and John Archambault
Now We Are Six pa A.A. Milne
The Carrot Seed pa Ruth Krauss and Crockett Johnson
Where the Wild Things Are pa Maurice Sendak
Corduroy pa Don Freeman
On a Farm pa Alexa Andrews
The Sky Painter: Louis Guertes, Bird Artist pa Margarita Engle

OPSYON POU KAPAB LI PLIS

A Child's Garden of Verses
pa Robert Louis Stevenson
A First Book of the Sea
pa Nicola Davies
Little House in the Big Woods
pa Laura Ingalls Wilder
The Lion and the Mouse
pa Aesop
The Emperor's New Clothes
pa Hans Christian Andersen
The Very Hungry Caterpillar
pa Eric Carle
Love You Forever
pa Robert Munsch
The Tale of Peter Rabbit
pa Beatrix Potter
Stellaluna
pa Janel/Cannon
The Ugly Duckling
pa Hans Christian Andersen
Goodnight Moon
pa Margaret Wise Brown
The Kissing Hand
pa Audrey Penn



PALE AVÈK PWOSESÈ PITIT OU A

Sonje, se ou ki premye pwofesè pitit ou a. Panse ke se yon konferans ki kòm yon "reyisyon ekip" ke ou pral dekouvri kontribisyon espesyal nou chak kapab pote pou rann klas premye ane yon siksè. Men kèk kesyon ou ta kapab poze pou kòmanse yon diskisyon:

Nan domèn alfabetizasyon, ki kote pitit mwen an pi fò, kijan m kapab sipòte l pandan enstriksyon?

Ki konpetans alfabetizasyon pitit mwen ta kapab metrize nan pwen sa a? Eske l metrize yo? Eske m ka wè yon egzanzp sou yon tach nan lekti e ekriti ke pitit mwen ap travay sou li?

Eske pitit mwen montre ou ke yo konprann sa yo ap li e sou ki sa yo aprann atravè desen, pale, e ekri? Sinon, avèk ki defi yo ap fè fas?

Ki konpetans fonik pitit mwen ta metrize nan pwen sa a? Eske li metrize yo? Eske m ka wè egzanzp sou tach fonik ke pitit mwen ap travay sou li?

Ki konpòtman m ta wè lè pitit mwen ap li /yo li pou li? Eske m wè yon egzanzp sou tip tèks pitit mwen ap li? Kijan m ka sipòte yo lakay?

Ki sijè ki gen koneksyon avèk syans e syans sosyal ke pitit mwen kapab li atravè lekti?

MO EDIKATIF (AKADEMIK) POU APRANN

OTOMATISITE:

Lè ou ap li, se abilite pou li mo avèk rapidite e presizyon.

KONESANS SOU KONTÈKS (KONESANS OPARAVAN)

Enfòmasyon ki enpòtan pou konprann yon sitiyasyon oswa yon pwoblèm; sa ou deja konnen daprè eksperyans ou te fè.

DEKODAJ

Tradui yon mo nan yon diskou ki ekri kote yo kapab itilize konesans yon relasyon son-lèt; epi tou, aksyon pou li yon nouvo mo kote ou kapab repete li.

ENSTRIKSYON EKSPLISIT

Enstriksyon entèaktif ke pwofesè/paran dirije; ki dirèk e ki enkli yon eksplikasyon klè sou konpetans yo sible a.

MO KI GEN FREKANS WO

Yon ti gwoup mo (300-500) ki parèt regilyèman an ekri. Souvan, yo refere yo kòm (mo vizyèl) kòm elèv ta kapab rekonèt mo sa yo byen vit.

ÒTOGRAF ENVANTIF

Òtograf envantif refere avèk Pratik timoun ki itilize òtograf enkòrèk e ra pou mo. Pafwa tou yo rele l "òtograf envante." Tipikman, se elèv ki fenk ap aprann ki itilize òtograf envantif pou mete son ansanm pou yo kapab fòme mo

FONIK

Ansenye elèv kijan pou konekte son lèt oswa gwoup lèt yon fason pou yo kapab li mo.

SANSIBILASYON FONOLOJIK

Fondasyon pou aprann li. Li refere avèk abilite pou travay avèk mo nan fason oral (son pale) men ki pa angaje ekriti.

NIVO LEKTI

Nivo lekti endepandan ki se pi wo nivo kote yon lektè genyen ase konesans sou kontèks pou sijè a e li kapab li tèks la byen rapid san li pa fè twòp erè.

ENSTRIKSYON SISTEMATIK

Yon sekans enstriksyon ki byen egzamine e planifye.

KARAKTERISTIK TÈKS

Pati nan yon istwa oswa yon atik ki se pa kò prensipal tèks la; sa enkli tit, antèt e ilustrasyon.

